# Гъатхэпэм и 8-р ЦӀыхубзхэм я дунейпсо махуэщ

ФИФӀ ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ ӀЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКӀУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКӀ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КЪБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

№23 (24.305) • 2022 гъэм гъатхэпэм (мартым) и 4, мэрем • Тхьэмахуэм щэ къыдокӀ • И уасэр зы тумэнщ • adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

## Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Ӏэтащхьэ КӀуэкӀуэ Казбек ЦӀыхубзхэм я дунейпсо махуэм теухуа и хъуэхъу

Къэбэрдей-Балъкъэрым и цӀыхубз лъапӀэхэ!

Сынывохъуэхъу къэблэгъа махуэшхуэмкӀэ - ЦӀыхубзхэм я дунейпсо махуэмкӀэ!

А махуэм дэ дызэкъуегъэувэ, цӀыхубз-анэм, гъащӀэм Ӏэпэгъуу щыдиӀэ бзылъхугъэм, унагъуэ жьэгум и хъумакӀуэм пщӀэшхуэрэ фӀыщӀэ инрэ яхуэтщӀын папщӀэ. Фэ фи фӀыгъэ куэд хэлъщ дэ нэхъ къарууфӀэ дызэрыхъум, ехъулӀэныгъэщӀэхэр зыӀэрыдгъэхьэным дызэрыхущӀэкъум.

Фэ щӀэгъэкъуэн фыкъызэрытхуэхъум, къывбгъэдэкӀ гу щабагъэм, быным фызэрелӀалӀэм, унагъуэм зэрызыщӀэвгъакъуэм, абы и зэӀузэпэщыгъэр егъэфӀэкӀуэным и Ӏуэху зэрызефхуэм - а псоми фӀыщӀэ ин къалэжь. Абыхэм къадэкӀуэу ехъулӀэныгъэхэр щывиӀэщ фызыпэрыт ӀэнатӀэхэм. ДигукӀи ди псэкӀи догушхуэ щэнхабзэм, щӀэныгъэм, спортым, егъэджэныгъэм, къэрал къулыкъущӀапӀэхэмрэ жылагъуэ гъащӀэмрэ зэфӀэкӀ инхэр къызэрыщывгъэлъагъуэм.

ФӀыщӀэ хэха яхузощӀ медицинэ ӀэнатӀэм пэрыт бзылъхугъэхэм. Уз зэрыцӀалэ лӀэужьыгъуэщӀэм хэкур щызэщӀиубыда лъэхъэнэ хьэлъэм фэ фхулъокӀ фи къалэнхэр къызыхуэтыншэу, гушхуэ фиӀэу, Ӏэзагъ ин вбгъэдэлъу вгъэзэщӀэну, цӀыху гъащӀэр узыфэ хьэлъэм къыӀэщӀэхыным фыхущӀэкъуу, зэхэщӀыкӀ фиӀэу сымаджэм фыбгъэдэту.

Ди цӀыхубз лъапӀэхэм си гуапэу сынывохъуэхъу узыншагъэ быдэ, зэӀузэпэщыгъэ, насып фиӀэу фыпсэуну.



# Гъатхэ, гуапагъэ, гулъытэ

**Ди къэралми дунейм и нэгъуэщӀ щӀыпӀэхэми щагъэлъапӀэ цӀыхубэм я гум, я псэм къехуэбылӀэ махуэшхуэ дахэр - Гъатхэпэм и 8-р.**

ДУНЕЙМ и щӀэрэщӀэгъуэр, гъащӀэм и ӀэфӀыпӀэр псоми захригъащӀэрэ цӀыхубзхэр дапщэщи гулъытэ хэха зэрыхуэныкъуэмрэ ар зэрыхуэщӀыпхъэмрэ куэдым ягу къигъэкӀыжу апхуэдэщ а махуэр. ЦӀыхубзхэм я дунейпсо махуэшхуэр. ЕпщыкӀубгъуанэ лӀэщӀыгъуэм икухэм махуэгъэпсым япэу къыхагъэбелджылыкӀа а махуэшхуэм политикэ мыхьэнэ иӀами, нобэ ар гуапагъэм, гулъытэм, лъагъуныгъэм я нэщэнэ дахэу аращ.

Тхыдэ дэфтэрхэм къызэрыхэщыжымкӀэ, Урысейм Гъатхэпэм и 8-р япэ дыдэу щыщагъэлъэпӀар 1913 гъэращ. ИужькӀэ абы къыщытрагъэзар Совет властыр зэрыуврэ илъэс зыбжанэ дэкӀа нэужьщ. 1921 гъэм Бзылъхугъэхэм я коммунист конференц иным къыщащта унафэхэм ящыщт Гъатхэпэм и 8-р ди къэралым илъэс къэс щыгъэлъэпӀэныр. ЦӀыхубэм мыхьэнэшхуэ ирату, жылагъуэм Ӏэтауэ щагъэлъапӀэ махуэшхуэр 1966 гъэм зыгъэпсэхугъуэ махуэу ягъэуващ. Абы теухуа Унафэ щхьэхуэ къищтащ СССР-м и Совет Нэхъыщхьэм и Президиумым. «ЦӀыхубз псоми я махуэ» хъуащ ар икӀи иджырей гуфӀэгъуэ шыфэлӀыфэхэр къищтащ, ипэкӀэ иӀа политикэ мыхьэнэр щӀэкӀри.

Лъэпкъ Зэкъуэтхэм я Зэгухьэныгъэми (ООН) гулъытэшхуэ хуещӀ ЦӀыхубзхэм я дунейпсо махуэшхуэр гъэлъэпӀэным. Абы и жэрдэмкӀэ къэрал куэдым зыбжанэрэ щрагъэкӀуэкӀащ Бзылъхугъэхэм я илъэс, цӀыхубзымрэ абы и унагъуэмрэ я гъащӀэр, псэукӀэр ирагъэфӀэкӀуэн мурадкӀэ, властыр зыӀэщӀэлъхэм абы гулъытэ хэха хурагъэщӀын папщӀэ.

ЗэрытщӀэщи, сыт хуэдэ лъэхъэни цӀыхубзым и къалэн нэхъыщхьэ дыдэу щытыр унагъуэм и гупсэу, быным я анэу щытынырщ, абыхэм гъэсэныгъэ екӀу яхилъхьэнырщ. Ар бзылъхугъэхэм къахуиуха лъапӀэныгъэ инщ икӀи унафэщӀхэм абыкӀэ сыт и лъэныкъуэкӀи зыщӀагъакъуэ унэгуащэхэм, анэ быныфӀэхэм. Иужьрей лъэхъэнэм ди къэралым гулъытэ хэха щегъуэт анагъэм пщӀэ хуэщӀыным, унагъуэр гъэбыдэным хуэгъэпса Ӏуэхухэм. Ар бын зыпӀ анэхэм ящыщ дэтхэнэми зыхищӀащ, псом хуэмыдэу, коронавирус уз зэрыцӀалэр къызэрыунэху лъандэрэ блэкӀа илъэсхэм. Быныр пӀынымкӀэ къэрал дэӀэпыкъуныгъэ зымыгъуэта зы ани искъым ди хэкум.

Къыпхуэмылъытэным хуэдизу инщ бзылъхугъэм и зэфӀэкӀыр, акъылыр иджырей зэманым здынэсар. ГъащӀэм и фӀыгъуэ нэхъыщхьэ дыдэхэм: жьэгу пащхьэм, анагъэм, быным - епха къалэнхэм къадэкӀуэу, иджырей цӀыхубзхэр лъоӀэсыф икӀи хэлъхьэныгъэ ин хуащӀыф политикэм, экономикэм, щэнхабзэм дежкӀэ мыхьэнэшхуэ зиӀэ ӀэнатӀэхэм, къулыкъу лъагэхэр ехъулӀэныгъэ пылъу зэрахьэф. Ди мащӀэкъым унагъуэри лэжьыгъэ ӀэнатӀэри екӀуу зэдэзыхь бзылъхугъэ щыпкъэхэр.

ГъащӀэр псэ къабзагъэкӀэ, щыпкъагъэкӀэ, дахагъэкӀэ, гуапагъэкӀэ, ӀэфӀыгъэкӀэ зыгъэнщӀ бзылъхугъэ псоми - анэхэм, пхъухэм, шыпхъухэм, щхьэгъусэхэм - дохъуэхъу Гъатхэпэм и 8-мкӀэ. Фи щхьэкӀэ, фи унагъуэкӀэ насып фиӀэну, фи хъуэпсапӀэхэр нахуапӀэ хъуну, фи Ӏыхьлыхэмрэ благъэхэмрэ сыт щыгъуи фи гъусэрэ я гулъытэ фыщымыщӀэу фыпсэуну Тхьэм жиӀэ!

**КЪАРДЭН Маритэ.**

Бзылъхугъэ щэджащэ

# Лъэпкъыр зэрыпагэ

**Къэралым и космонавтикэм псэемыблэжу телэжьа адыгэ бзылъхугъэм и цIэм щыгъуазэр мащIэ дыдэт…**



НЭМЫЦЭ тхакIуэ, зэдзэкIакIуэ, сценарист, литературэмкIэ Нобель и саугъэтым и лауреат Бёлл Генрих и цIэкIэ щыIэ фондым иджыблагъэ тхылъ гъэщIэгъуэн къыдигъэкIащ. Зи гугъу тщIыр «Таких дел» медиа-порталым и къызэгъэпэщакIуэ, журналист Волунковэ Евгение «Кавказ Ищхъэрэм и цIыхубз телъыджэу 13» зыфIища и лэжьыгъэ гъуэзэджэрщ. ДэркIэ лъапIэр аращи, абы зи цIэ къыщриIуэу къыщигъэлъэгъуахэм ди лъахэгъу икIи ди лъэпкъэгъу Ащхъуэт Людмилэ зэрыхэтырщ.

Къэбэрдей-Балъкъэрым хыхьэ Курп Ипщэ къуажэм 1938 гъэм мэлыжьыхьым и 17-м ар къыщалъхуащ. И адэ Жэмболэт а жылэм щызэхэта колхозым и унафэщIу лэжьащ, и анэ Iэминат бынитху ипIащ.

Курыт еджапIэр дыщэ медалкIэ къиуха нэужь, Ащхъуэт Людмилэ Ерыскъы промышленностымкIэ Москва щыIэ технологие институтым щIотIысхьэ. Ар ехъулIэныгъэкIэ къеухри, щалъхуа и щIыналъэм лэжьыгъэ IуэхукIэ къегъэзэж.

Мыбдежырщ, Налшык къалэ щыщыIарщ, абы и гъащIэм зэхъуэкIыныгъэ телъыджэхэр къыщыунэхун щыщIидзар. ЗэрымыщIэкIэ ар Iуощiэ хьэрш IуэхухэмкIэ конструктор цIэрыIуэ Королёв Сергей илъэс куэдкIэ зыщхьэщыта «Энергия» РКК - ракетэ-хьэрш корпорацэм и щIэныгъэ лэжьакIуэ, щалъхуа щIыналъэкIэ Къэрэшей-Шэрджэсым щыщ Нэгъуей Мухьэмэд (иужьрей илъэсхэм мы цIыхухъур Байконур космодромым зыкъытезыIэтыкI хьэршырыкIуэ кхъухьлъатэхэм техникэ и лъэныкъуэкIэ шынагъуэншагъэ къахузэгъэпэщынымкIэ и къудамэм и унафэщIу лэжьащ).

Ащхъуэтым дежкIэ къыдогъэзэжкIыжри, мыбдежым зи гугъу щытщIа Нэгъуей Мухьэмэд абы щхьэгъусэ хуохъу. Аращ ди бзылъхугъэ щэджащэр тезыгъэгушхуар, Москва игъэзэжу, етIуанэ щIэныгъэ нэхъыщхьэ зригъэгъуэтыным. И лIым и чэнджэщкIэ, Людмилэ кIэлъыкIуэу щIотIысхьэ къэралым и щыхьэрым дэт АвиацэмкIэ институтым. ИкIи мы еджапIэм щызригъэгъуэта и етIуанэ IэщIагъэрщ, «цIыху зэрыс хьэршырыкIуэ кхъухьлъатэхэр зыхуей-зыхуэныкъуэхэмкIэ къызэгъэпэщынымкIэ конструктор» жыхуиIэрщ, Ащхъуэтым адэкIэ и гъащIэм нэхъ къыщигъэсэбэпари.

Ауэ щыхъукIи, зэрыгурыIуэгъуэщи, космонавтхэр уахэм (хьэршым) яутIыпщынымкIэ центрым япэ къэсыр щылэжьэфынутэкъыми, а зэманми абы ирагъэблагъэу щытар техникэм щыхуагъэасэу къэралым щыIэ еджапIэ нэхъыщхьэхэр къэзыухахэм ящыщу нэхъ къахэщахэрт. АтIэ, мис апхуэдэхэм ящыщ зыуэ Ащхъуэт Людмилэ къалъытащ.

И етIуанэ еджапIэ нэхъыщхьэр, адрейми хуэдэу, ехъулIэныгъэкIэ къэзыуха бзылъхугъэр ираджэ Королёв Сергей зи пашэ «Энергия» ракетэ-хьэрш корпорацэм и конструктор бюро нэхъыщхьэм щылэжьэну. Куэд дэмыкIыуи, IэнатIэу къыхуагъэфэщам щызэрихьа жэуаплыныгъэм къыпэкIуэу, Ащхъуэтыр ягъэув цIыху зэрыс хьэршырыкIуэ кхъухьлъатэхэр зыхуей-зыхуэныкъуэхэмкIэ къызэгъэпэщынымкIэ проектхэр щагъэхьэзыр къудамэм и унафэщIу. Абдежым абы и къулыкъур щрехьэкI, япэу ЩIым зыкъытезыIэтыкIыу уахэм ихьа, космонавт цIэрыIуэ Гагарин Юрий и лъэхъэнэ лъандэрэ.

Конструктор бюром лэжьэн зэрыщыщIидзэрэ, Ащхъуэт Людмилэ зи пашэ гупым къэпщытэныгъэрэ къэхутэныгъэу 50-м щIигъу ирагъэкIуэкIащ. АбыхэмкIэ къызэщIаубыдащ хьэршыр къэгъэIурыщIэным цIыхухэм я узыншагъэр пэлъэщынымкIэ бгъэдыхьэкIэу щыIэхэм зэрылъыхъуар, щIылъэм къемытIэсыхыжу, мазэ бжыгъэкIэ уэгум зыщызыгъэгувэ космонавтхэр зыхуей-зыхуэныкъуэхэмкIэ къызэгъэпэщыным ехьэлIа Iэмал-хэкIыпIэхэри къызэрагъуэтар.

Мыбдежым псори къыщытхуемыбжэкIми, щIэныгъэрылажьэ гупым а лъэныкъуэмкIэ нэхъыщхьэу зрагъэхъулIахэм ящыщщ уэгурыкIуэхэр ярикъуу псы къабзэкIэ къызэрызэрагъэпэщар, тюбик теплъэ яIэу, я шхыныр зэрылъ контейнерхэр къызэрыхуагупсысар, хьэршырыкIуэ кхъухьхэм я кIуэцIым узэрыщыбауэ хъу хьэуам и зэхэлъыкIэр зэрызэтраухуар, зыщатхьэщI зыщагъэкъабзэ, кIэрыхубжьэрыхухэр здахь хъуну щIыпIэхэр зэрыщыхуаубзыхуар, нэгъуэщI куэдхэри.

Мыри къыхэгъэщыпхъэщ. Ащхъуэт Людмилэ къигупсыса Iэмэпсымэхэр къыщагъэсэбэпыр ди къэралым ЩIым и хъуреягъыр къэзылъэтыхьу уахэм иригъэутIыпщхьа Лъэпкъ зэхуаку станцым (МКС) и закъуэкъым, атIэ США-м Хьэршыр джынымрэ уэгур къэгъэIурыщIэнымкIэ и лъэпкъ агентствэм (NASA) щылажьэхэми пщIэшхуэ зэрыщыхуащIым къыхэкIыу, Space Shuttle (Шаттл) зи фIэщыгъэ я хьэршырыкIуэ кхъухьлъатэхэми пкъралъхьауэ, щагъэуваузэ апхуэдэщ. АрщхьэкIэ, Ащхъуэтыр зи пашэ гупым, ди гуапэ зэрыхъунщи, нобэр къыздэсми яIэщ, хамэ къэралхэр къыдогъанэри, а Iуэхум егъэщIылIа цIыху закъуэтIакъуэм фIэкIа, нэгъуэщIхэр зыщымыгъуазэ къэхутэныгъэ инхэр.

Дапхуэдэу щытми, нобэ зи гугъу фхуэтщIа цIыху щэджащэу Хэкум хуэщыпкъэр гулъытэ хэха зыхуэфащэщи, цIыхубзхэм я махуэ лъапIэм ирихьэлIэу дохъуэхъу дяпэкIи узыншэну, и бынхэм, абыхэм я быныжхэм я гуфIэгъуэ куэд хэтыну, и пщIэр лъагэу езыгъэIэта и лэжьыгъэм и хъер дяпэкIи илъагъуну!

**КЪУМАХУЭ Аслъэн.**



Щапхъэ



# ИлъэсищэкIэ япэ уплъэмэ...

**И IэщIагъэр гурэ псэкIэ фIыуэ илъагъуу илъэс 40-м нэблэгъауэ егъэджэныгъэ-гъэсэныгъэ IэнатIэм пэрытщ Бахъсэн къалэ дэт курыт школ №1-м и егъэджакIуэ пашэ Шорэ (Быф) Лизэ Хьэбас и пхъур.**

«ЗЫ илъэскIэ япэ уплъэмэ, жылэ хэсэ. ИлъэсипщIкIэ япэ уплъэмэ, жыг хэсэ. ИлъэсищэкIэ япэ уплъэмэ, цIыху гъасэ», - жеIэ адыгэ псалъэжьым. А псалъэ Iущхэр и гъуэгугъэлъагъуэу мэпсэу Лизэ. Анэдэлъхубзэмрэ литературэмрэ иригъэджу, абы къыдэкIуэу и псэ хуабагъэмкIэ еджакIуэхэм ядэгуашэу, я адэжь щIыналъэр, лъэпкъ хабзэр фIыуэ ялъагъуу щIэблэр къэгъэтэджыным хуэлажьэу дунейм тетщ ар.



- Иджырей зэманым ныбжьыщIэхэр егъэджэным, гъэсэным куэд пыщIащ. ФГОС-м къигъэув къалэнхэр мащIэкъым. Апхуэдэхэм ящыщщ еджакIуэм и гупсысэхэр къиIуатэу, и Iуэху еплъыкIэр утыку ирихьэфу хъунымкIэ щыIэ Iэмалхэр къэгъэсэбэпыныр, - зыпэрыт лэжьыгъэм хэлъ щхьэхуэныгъэхэм топсэлъыхь Лизэ - «Зыгуэр жызыIэм, зыгуэри ещIэ», - жыхуиIэращи, псалъэм псалъэр къешэ, зэхэша хъуа псалъэм гупсысэ иIэ мэхъу, гупсысэр зыбгъэдэплъхьам и зэхэщIыкIым нэмыщI и бзэми зеужь. Адыгэбзэм и псалъэхэр куэдым гугъу ящыхъуми, еджакIуэ цIыкIухэм я анэбзэр ящIапхъэщ, зэгупсыс, ялъэгъуа, жаIэну зыхуей псори къыщаIуатэкIэ, адыгэбзэр макъыбэу щызэрагъэлъэлъкIэ, уримыгуфIэн пхузэфIэкIыркъым.

Апхуэдэ еплъыкIэ зиIэ егъэджакIуэм лъэкI къигъанэркъым анэдэлъхубзэр ди щIэблэм яIурылъу къэтэджынымкIэ, а Iуэхуми гулъытэ щхьэхуэ хуищIу мэлажьэ.

Лизэ Ислъэмей къуажэм къыщалъхуащ. Ар къыщыхъуар егъэджакIуэ унагъуэщ: и адэри, и анэри, и адэ къуэшитIри, и шыпхъуитIри егъэджэныгъэ-гъэсэныгъэ IэнатIэм пэрытащ. Педучилищэр, иужькIэ Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым филологиемкIэ и къудамэр ехъулIэныгъэ иIэу къиухащ абы. Пасэу лэжьэн щIэзыдза егъэджакIуэр зэи хущIегъуэжакъым къыхиха гъуэгум. И IэщIагъэм и щэхухэм фIыуэ щыгъуазэ, щIэныгъэ куу, цIыхугъэ лъагэ зыхэлъ Лизэ и гъэсэнхэри дапщэщи щыпэрытщ школ, къалэ, республикэ, къэрал мыхьэнэ зиIэ зэпеуэхэм. Апхуэдэу, КъБР-м ЕгъэджэныгъэмкIэ, щIэныгъэмрэ щIалэгъуалэм я IуэхухэмкIэ и министерствэм лъэпкъыбзэмкIэ и къудамэм иригъэкIуэкI зэпеуэхэм ящыщу «Си бзэ - си псэ, си дуней» зэпеуэм хыхьэ «Иджырей урок», «КлассщIыб лэжьыгъэ», «Мастер-класс» унэтIыныгъэхэм увыпIэфIхэр къыщихьащ. КъинэмыщIауэ, абы и гъэсэнхэр пашэ щыхъуащ «Сигма», «Къалэмыр япэу къызощтэ» зэпеуэхэм. Къардэнгъущ! Зырамыку и щIыхькIэ къызэрагъэпэщауэ щыта этнографие конференцым, ЩоджэнцIыкIу Алий, КIыщокъуэ Алим, Кулиев Къайсын, Зумакуловэ Танзиля, ПащIэ Бэчмырзэ сымэ къыщалъхуа махуэхэм ирихьэлIэу сочиненэхэр щатхами, Шорэм иригъаджэ ныбжьыщIэхэм щIэныгъэ куу къагъэлъэгъуащ икIи а зэпеуэхэм я щIыхь тхылъхэр къратащ.

Лизэ хэтащ «Илъэсым и егъэджакIуэ нэхъыфI» республикэпсо зэпеуэми, апхуэдэу «Егъэджэныгъэ» лъэпкъ проектым ипкъ иткIэ ди къэралым щекIуэкIа апхуэдэ зэхьэзэхуэхэми. Ди гуапэ зэрыхъущи, абыхэм пашэ щыхъуахэм яхэхуащ егъэджакIуэ Iэзэр икIи зэпеуэхэм, егъэджэныгъэмкIэ къэрал министерствэм я щIыхь тхылъхэри саугъэтхэри къыхуагъэфэщащ. Шорэм къыфIащащ «Урысей Федерацэм егъэджэныгъэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ» цIэ лъапIэри. Зи лэжьыгъэм хуэIэижь егъэджакIуэ пэрытыр илъэс зыбжанэ хъуауэ ядолажьэ Лъэпкъыбзэхэм зегъэужьынымкIэ къэралпсо институтым. Абы щызэфIигъэкI Iуэху щхьэпэхэм къапэкIуэу щIыхь тхылъхэр мызэмытIэу къыхуагъэфэщащ.

Шорэм и зэфIэкI ирехьэлIэ адыгэбзэр 9-нэ классхэм зэраджыну тхылъымрэ методикэ пособиемрэ зэхэлъхьэнми, а лэжьыгъэр зыгъэзащIэ гупым хэту.

- Си гъащIэр зытеухуауэ щытыр щIэблэм гъэсэныгъэ екIурэ щIэныгъэ куурэ ябгъэдэлъхьэнращи, слъэкI къэзгъэнэнукъым абыкIэ, - жеIэ Лизэ. - Анэдэлъхубзэр, лъэпкъ хабзэр ныбжьыщIэхэм фIыуэ ялъагъуным псоми ди къарур хузэщIэдгъэуIуэн хуейщ. А лъапIэныгъэхэр зыгъэнэхъапэ щIэблэ адыгэхэм къытщIэхъуэмэ, итIанэ жытIэ хъунущ къэкIуэну дахэ диIэу, лъэпкъпсо насып къыдэуэлIауэ.

ЕгъэджакIуэ Iэзэм, щIэблэм я гъэсакIуэ IэкIуэлъакIуэм дохъуэхъу ЦIыхубзхэм я махуэшхуэмкIэ. И мурадхэмрэ хъуэпсапIэхэмрэ къехъулIэу, лэжьыгъэм хуиIэ гукъыдэжым дэрэжэгъуэ кърииту, узыншэу Тхьэм куэдрэ игъэпсэу, игъэлажьэ!

**КЪАРДЭН Маритэ.**

Гъуазджэ





# Къарей Элинэ и гъэлъэгъуэныгъэ

**СурэтыщӀ гъуазджэхэмкӀэ Ткаченкэ Андрей и цӀэр зезыхьэ музейм мы махуэхэм щагъэлъагъуэ «Адыгэ псалъэ» газетым и лэжьакӀуэ, сурэттех Ӏэзэ Къарей Элинэ и ӀэдакъэщӀэкӀхэр.**

ПЩАЩЭР сурэттех къызэрыгуэкӀкъым жыпӀэкӀэ ущыуэнукъым. Уеблэмэ а ӀэщӀагъэр сом къэлэжьыкӀэ къудейуэ къэзыгъэсэбэп куэдым ящыщкъым. И ныбжькӀэ зэрыщӀалэм емылъытауэ, ар зи хъэтӀ, Ӏуэху еплъыкӀэ зиӀэж цӀыхущ. Нэхъыщхьэращи, абы и лэжьыгъэхэм адрейхэм къахэзыгъэщхьэхукӀ нагъыщэ яӀэщ, жыпӀэнурамэ, Элинэ сурэт техыным езым и лъагъуэ щиӀэжщ. Пасэрей унэхэм я бжэщхьэгъубжэхэм сурэт трихыурэ зэрызэхуихьэсым куэд щыгъуазэщ. ИгъащӀэкӀэ гу зылъумытэну Ӏуэхугъуэхэр къеубыд пщащэм. Апхуэдэщ творческэ цӀыху жыхуаӀэр.

«Взаимосвязи: Бессознательная живопись» фӀэщыгъэм щӀэт гъэлъэгъуэныгъэр щекӀуэкӀ пэшым узэрыщӀыхьэу укъоуӀэбжь. ЯпэщӀыкӀэ гу зылъыптэр плъыфэхэм я джэгукӀэрщ. Ди лэжьэгъум и сурэтхэр утыку къыщрихьэм къигъэсэбэпа Ӏэмалыр умыгъэщӀэгъуэн плъэкӀыркъым.

Музейм и гупэ пэшым пасэрей унэхэм я блынхэм зэманым трищӀа «тхыпхъэхэр» щыдолъагъу. Зэманым иуфэкъуа унэжьхэм я хъыбарыр а сурэтхэм къыбжаӀэ хуэдэщ. Нэхъ пэш жыжьэм щыфӀэдзащ гъащӀэм и щэху куэд - хабзэ, щэнхабзэ, псэукӀэ зэмылӀэужьыгъуэ - зыгъэпщкӀу пасэрей унэхэм я бжэхэмрэ щхьэгъубжэхэмрэ. Уеблэмэ ахэр япэм щыӀа щхьэгъубжэнэхэм зэрырибзэжам уи гупсысэр къегъэукъубей. ЩӀагъыбзэ зырыз зиӀэж сурэтхэм апхуэдизкӀэ узэӀэпашэри, бжэр къыӀупхыу абы щыгъэпщкӀуар къэпщӀэну, щыщ ухъуну уагъэхъуапсэ. Зэманым и сурэт пхуэмыщӀыну къэзылъытэ щыӀэмэ, Элинэ ейхэм ирыреплъ!



Лондон, Ригэ, Таллин, Каир, Тбилиси, Баку, Налшык къалэхэм, Абхъазым, нэгъуэщӀ щӀыпӀэ куэдми Къарейм щытриха сурэтхэм лъэпкъ, дин, хабзэ, бзэ куэд щызэхуэхьэсащ. Ди зэманым унэхэм хагъэувэ бжэщхьэгъубжэхэр абы щыпсэухэм я беягъым и щыхьэтмэ, пасэ лъэхъэнэм псэуахэм яӀа хэдэхэплъэмрэ ӀэпэӀэсагъымрэ наӀуэ тщещӀ гъэлъэгъуэныгъэм.

- Къэбэрдей уэрамым тет унэжьхэм яхэлъ бжэ-щхьэгъубжэхэращ япэу гу зылъыстауэ щытар, - къыджеӀэ Элинэ. - ЗэпыщӀэныгъэ зимыӀэ дунейм зыри теткъым. ЦӀыхум цӀыху къелъыхъуэ, мафӀэм жьы щӀэмыпщэмэ, блэнукъым, щӀым псы имыӀэмэ - псэншэщ. Апхуэдэу, унэ къэс бжэ-щхьэгъубэ хэлъыныр Ӏэмалыншэщ, арыншамэ, ар унэ ирикъурэ?

СурэтыщӀым и гупсысэр лэчкӀэ къигъэлъагъуэмэ, сурэттехым ейр и сурэтхэм къаӀуатэ, ухуейрамэ, ар зэманым и хъумакӀуэщ, ӀуэтэжакӀуэщ.

Кандинский Василий и лэжьыгъэхэм дыкъэзыухъуреихь дунейм и дахагъэм, зэхэлъыкӀэм набдзэгубдзаплъэу сыпкърыплъыхьу срагъэсащ. Кхъахэ хъуа унэхэм зэман нэпкъыжьэу ятелъым си лэжьыгъэм сытрагъэгушхуэ. Дунейр къыщызэхэскӀухьым гу лъыстащ цӀыхухэмрэ ахэр щыпсэу щӀыпӀэхэмрэ яӀэ зэпыщӀэныгъэр. Лъэпкъ щхьэхуэм и щыӀэкӀэпсэукӀэр и ухуэныгъэхэми къытощ. Апхуэдэу, къуэкӀыпӀэ лъэныкъуэм щыпсэухэм я бжащхьэхэр зэфэзэщу адакъэкӀэу къэгъэшащ, Европэм дызэса бжэ плӀимэхэрщ щыхалъхьэр. Ипщэ лъэныкъуэм щыпсэухэм нэм къыщӀэуэ плъыфэхэмкӀэ я бжэхэр лащ. Бжэ къэс гъащӀэ, гурыгъу-гурыщӀэ къуэгъэпщкӀуащ.

Сэ сыхуейт цӀыхухэр архитектурэм хуэсакъыну къыхуезджэну, блэкӀамрэ нобэмрэ зэпызыщӀэ, зыщӀэж я бжэхэр яхъумэну.

Къарей Элинэ УФ-м и Журналистхэм я зэгухьэныгъэм хэтщ, «Иные» (Москва, Владикавказ), «Женщины Кавказа» (Таллин) нэгъуэщӀ проект инхэми и лэжьыгъэ щигъэлъэгъуащ, ар «Свой стиль» сурэттех клубым хэтщи, илъэс къэс абы къызэрагъэпэщ гъэлъэгъуэныгъэхэм и ӀэдакъэщӀэкӀхэр утыку къыщрехьэ.

Музейм цӀыхур щыкуэдт. УщымыгуфӀыкӀынкӀэ Ӏэмал иӀэтэкъым ди лэжьэгъум хужаӀэ псалъэ дахэхэм. ШколакӀуэхэм щыщӀэдзауэ зи ныбжьыр хэкӀуэтахэм деж щиухыжу псоми япэгъунэгъу гуэр къыщагъуэтырт абы. Зи къэжэпхъыгъуэ пщащэ цӀыкӀухэм Элинэ «декупаж» ӀэмалкӀэ, бжэ-щхьэгъубжэхэр тету, ищӀа тхьэгъу телъыджэхэмрэ хъыдан сумкэхэмрэ зыщамыгъэнщӀу зэпаплъыхьырт. Псом хуэмыдэу къызэхуэсахэм гъэщӀэгъуэн ящыхъуащ музейм и жьантӀэм дэт пасэрей пхъэбжэ зэӀухыр. Ар Къэбэрдей уэрамым тет унэхэм я зым хэлъати, Элинэ унэр зейхэм ягурыӀуэри, и экспозицэм хигъэувэн папщӀэ къищэхужащ. Апхуэдэу Къарейм и гъэлъэгъуэныгъэм дыщегъэгъуазэ бжэхэм ятеухуауэ ятха усэ нэхъыфӀхэми.

Музейм и къудамэм и унафэщӀ Леонтьевэ Нинэ зэӀущӀэр къыщызэӀуихым жиӀащ мыр Элинэ и ӀэдакъэщӀэкӀхэр щызэхуэхьэса япэ гъэлъэгъуэныгъэу зэрыарар икӀи а ӀуэхумкӀэ ехъуэхъуащ къызэхуэсахэм.

- Нобэрей махуэр дэркӀэ гуфӀэгъуэкӀэ гъэнщӀащ, ди гупым щыщ пщащэм екӀуу и лэжьыгъэхэр утыку кърихьащи. Элинэ и лэжьыгъэхэм щӀагъыбзэ гуэр зэрыщӀилъхьэр сощӀэри, дапщэщи а гупсысэр къызэрыслъагъуным сыхущӀокъу. Мы дуней зэхэзэрыхьам, тегушхуэу апхуэдэ Ӏуэху къызэрырихьэжьам папщӀэ Элинэ фӀыщӀэ хуэфащэу къызолъытэ, - жиӀащ «Свой стиль» фотоклубым и унафэщӀ Лукьяненкэ Иван.

КъБР-м и цӀыхубэ сурэтыщӀ Црым Руслъан и псалъэхэм кӀыхь зригъэщӀакъым. «Лъагъуэ, лъагъун, лъагъуныгъэ! Ди зэман гугъум уи лъагъуэ плъагъужу абы урикӀуэныр, Элинэ хуэдэу, уи Ӏуэхум лъагъуныгъэ хэлъу упэрытыныр насыпышхуэщ. Тхьэм уригъэфӀакӀуэ!»

Къарейм и зэфӀэкӀым, и лэжьыгъэхэр нэгъуэщӀхэм къахэзыгъэщым теухуауэ абы къыщыпсэлъащ ди щӀыналъэм щыцӀэрыӀуэ сурэттех Ӏэзэхэу Байсиев Ахъмэт, Макаев Тенджыз сымэ, нэгъуэщӀхэри.

ЗэӀущӀэм и кӀэухым Элинэ къызэхуэсахэм фӀыщӀэ яхуищӀри, дэтхэнэми езым и гуапэу къыӀуих бжэ гъащӀэм щиӀэну ехъуэхъуащ.

Гъатхэпэм и 14 пщӀондэ екӀуэкӀыну гъэлъэгъуэныгъэм феплъыну фыкъыхудоджэ.

**ЩОМАХУЭ Залинэ**.
*Сурэтхэр*
**Елъкъан Артур** *трихащ.*

# Дуней псор и дахагъэм ехьэху

... АДЫГЭ пщащэр щӀыкӀафӀэщ, и щхьэм и уасэ зыщӀэж цӀыхущ. ДахагъэкӀэ абыхэм япеуэфын зэрыщымыӀэр куэд щӀауэ псоми ящӀэ: цӀыху лъагъугъуафӀэхэщ, Ӏэпкълъэпкъ зэкӀужхэщ, уардэу, Ӏэдэбу зокӀуэ. Адыгэ цӀыхубзхэм я зэхэщӀыкӀымрэ я зэфӀэкӀымрэ лъагэщ...

**ДУБРОВИН Николай**,
*XIX лӀэщӀыгъуэм псэуа дзэ тхыдэтх.*

АДЫГЭ бзылъхугъэхэр губзыгъэхэщ, гу къабзэхэщ, куэдым гу лъатэ. Абыхэм цӀыхухъум пщӀэшхуэ хуащӀ икӀи ирипагэн яфӀэфӀщ я щхьэгъусэхэр лӀыгъэ щӀапӀэ щихуэкӀэ къызыкъуах лӀыхъужьыгъэм. Адыгэ бзылъхугъэхэр щэныфӀэхэщ, лэжьыгъэр, къабзагъэр фӀыуэ ялъагъу...

**БЛАРАМБЕРГ Иван**,
*1827 гъэм къыщыщӀэдзауэ урыс пащтыхьыдзэм къулыкъу щызыщӀа генерал-лейтенант.*

ЦӀыхубзыр дунейм и дыгъэщ,
ЦӀыхубзыр дунейм и мазэщ.
Фызмэ - гъащӀэ гукъинэщ,
Анэмэ - дунейм и жылэщ.
ЛӀым зыдгъэлъагэ пэтми,
Я лъэгуажьэм ди жьакӀэр нэскъым.

**АГЪНОКЪУЭ Лашэ**,
*адыгэ джэгуакӀуэшхуэ.*

ХЭГЪЭГУУ дэ дыздэщыӀахэм, къеттхэкӀа лъэпкъхэм зыри яхэткъым адыгэхэм хуэдэу зи щӀыфэ хужьрэ зи бзылъхугъэхэр дахэрэ. Зы лъэпкъи иӀэкъым апхуэдэ уардагъэ, Ӏэпкълъэпкъ зэкӀуж. Адыгэ бзылъхугъэхэр цӀэрыӀуэщ я хьэлщэн дахэмкӀэ, щабагъ гуапэмкӀэ.

**Абдул-Хьэсэн Али аль-Масуди**,
*хьэрып географ-къэхутакӀуэ.*

... АДЫГЭ бзылъхугъэр дуней псом къыщацӀыху икӀи и дахагъэм ехьэху. Абыхэм я набдзэ шылэ фӀыцӀэ псыгъуэ къурашэм, хъуаскӀэр къызыщӀих нэ фӀыцӀэхэм, натӀэ хужь джафэм, нэкӀу хъурей Ӏупэ плӀащӀэм удимыхьэхынкӀэ Ӏэмал иӀэкъым. Дуней хъурейм Ӏэпкълъэпкъ зэкӀужу тет цӀыхухэр мыбдеж Тхьэм щызэхуишэсам хуэдэщ... Дэ, Европэм, ди насыпти, мы лъэпкъ дахащэм дыпэмыжыжьэу Тхьэм дыкъигъэщӀащ.

**ГЕРДЕР Иоган**,
*нэмыцэ философ-этнограф.*

## Зыгъэпсэхугъуэ махуэм

# Малъхъэдис



Зыгъэхьэзырар ЩХЬЭЩЭМЫЩІ Изэщ.

# ЯхуэмыІуэтэщІ лъагъуныгъэ

Бзылъхугъэ дахэр - ар я нэхъ цІыхухъу динышэри зи Іэмырым изышэф мажусий тхьэ гуащэщ.

* * *

«Си анэр фІыуэ солъагъу» жыпІэныр - гъэмахуэр гъатхэм къыкІэлъокІуэ е екІэпцІэм мыІэрысэ къыпыкІэркъым, жыпІэурэ удэуэным ещхьщ... Анэхэр фІыуэ ялъагъу къудейкъым. ФІыуэ ялъагъур гум и закъуэщ щыпсэур. Модрейхэр - зэрыщыту дэ тщыщщ. Е дэ дызэрыщыту абыхэм дащыщщ. Абыхэм я гуфІэр ди гуфІэщ. Абыхэм я узыр ди узщ. Анэхэр щылІэкІэ, дэ ди зыгуэрхэр здахьри, абыхэм я зыгуэрхэр дэ ди псэм къыдэпсэууэ къыхонэ.

* * *

Анэр, лъэпкъыр, хэкур фІыуэ зэрыплъагъур къытхуэпІуэтэну ухуемыжьэ. Ар яхуэмыІуэтэщІ лъагъуныгъэщ.

* * *

ФІыуэ сыкъэплъагъур пэжмэ, уи гум сыщыгъэпсэу. Мы дунейм нэгъуэщІ егъэзыпІэ щиІэкъым лъагъуныгъэм.

* * *

Уэ уапхуэдэкъым. Узэрымыапхуэдэр сощІэ. Ауэ ар зэрысщІэр си гум къезгъащІэркъым... Абы уэ уритхьэІухудщ. Урихурхъыджэбзщ. Дуней цІыхуу узэрыщытыр къищІэмэ, ункІыфІынкІэ хъунущ.

* * *

Анэр зищІысыр нэгъэсауэ къэпщІэну ухуеймэ, зи анэ лІам еупщІ. Я нэхъ гу пхъашэми къибгъуэтэнущ абы теухуа симфоние.

* * *

Уэ укъагъэщІын щыхуеяр сэ си гум ущыпсэуа нэужькІэт. Си гупсысэ ІэфІхэм узэрыщысхъумэм хуэдэу. Укъабзэу. Угуапэу. Ущабэу...

* * *

Уэ сэ укъысхуигъэщІащ. Сэ уэ сыкъыпхуигъэщІащ. Ар псоми фІэщ ящысщІыну дэтхэнэ утыкуми сихьэну сыхьэзырт. Ауэ укъысхуэгъуэтыркъым. Сыкъыпхуэгъуэтыркъым. Нобэми. Ныжэбэми.

* * *

СощІэ, Уэ утетщ мы дунейм. Си гупсысэхэм уазэрыхэтым ещхьыркъэпсу. Удахэу. Укъабзэу. Угуапэу. Уи цІэр сымыщІэми, Уэ нэхъ нэІуасэ симыІэу. Махуэм я нэхъ щІыІэми си гур уи хуабэм къигъэплъу. Псалъэхэр сІыпхыурэ усэ къысхухэпщІыкІыу... уэ утетщ апхуэдэу си дунейм. Сыпхуэмызами. Узмылъэгъуами. Укъамылъхуами.

**ІУТІЫЖ Борис.**

# Бзылъхугъэ хьэщІэ

ПАСЭРЕЙ ди цІыхубзхэр куэдрэ унэм икІыу щытакъым. «ЦІыхубзым и Іуэху жьэгу пащхьэмрэ бжэщхьэІумрэщ», - жаІэу щытащ. ЛІым кърихьэлІэр фызым зэригъэзахуэу, зэригъэпэщу унэм щІэсу щытащ. Унагъуэм зыгуэр къехьэлІэным цІыхубзым и Іуэху хэлътэкъым.

ЦІыхубзыр зэзэмызэххэт щежьэр, Іыхьлы гъунэгъухэр илъагъуну.

ЦІыхубзыр зэрежьэр выгут. Выгум Іэмал имыІэу гущхьэ телът. Гущхьэр и кІыхьагъкІэ щІэуфат упщІэкІэ, щагъэ хужь бгъуэшхуэкІэ тепхауэ. Гущхьэр щІытелъыр уэшхымрэ дыгъэмрэ щихъумэн, мыдрейуэ, гъуэгум зыщрихьэлІэну цІыхухэр къыІурымыплъыхьын щхьэкІэт. Пасэрей ди цІыхубзхэр, иджы хуэдэу, цІыхухъухэм я нэІуасэу, ахэр куэдрэ зэІущІэу щытакъым. ЦІыхубзым нэмыс лей хуащІырт.

ЦІыхубз зэрыс гум шу закъуэ къахуэкІуэу ярихьэлІамэ, бзылъхугъэм нэмыс хуищІу шум дигъазэрти, зыкъомрэ дэкІуатэрт. ЦІыхубз хьэщІэр здэкІуэм зэрынэсу, бысым цІыхухъум ІумпІэр иубыдырти, пщІантІэм дишэрт. Ауэ хьэщІэр цІыхухъум иригъэблагъэртэкъым. Ар унэм щІэзышэр цІыхубзхэрат. Сыт хуэдиз и лъапІагъыу щымытми, цІыхубзыр хьэщІэщым ирашэртэкъым.

ЦІыхубзыр нэхъ зэрагъэхьэщІэ хабзэр джэдкъазт, кхъуейжьапхъэ, жэмыкуэ хуэдэхэр арат.

Адыгэ хабзэкІэ, зы унагъуэм цІыхухъурэ цІыхубзрэ зэрихьэлІауэ зэхьэщІэгъу хъуамэ, зэнэІуасэу щымытмэ, зэдэуэршэрыну, зэдэшхэну хабзэтэкъым. Ар къызыхэкІыр цІыхухъумрэ цІыхубзымрэ зэхуаІэ нэмысыр арат. Ауэ хьэщІэхэр щІалэ зи къэшэгъуэрэ хъыджэбз зи ишэгъуэу щытмэ, а тІур зэрагъэцІыхурт, хэгъэрей зэхуащІырт, зэдагъэуэршэрырт.



Хамэ цІыхухъу здэтІыс Іэнэм цІыхубз ядэтІысыртэкъым, ядэшхэртэкъым. Ядэшхэн дэнэ къэна, Іэнэм хьэщІэ щысмэ, цІыхубзхэр щІэкІырт е мытІысу ящхьэщытт, шхэн яухыху.

**КЪАРДЭНГЪУЩІ Зырамыку.**

# Нысэ къызэрыхахыр

ЛІЫМ и къуэ нэхъыщІэм къригъэшэну мурад ищІащ. Зэманыр бжьыхьэт. И щхьэгъусэми емыупщІу езым Іуэхур зэфІигъэкІмэ, нэхъ къищтащ абы. Хъарбыз бэгъуа къехъулІати, выгум тажджэ иригъэувэщ, хъарбызыр из ищІри, я гъунэгъу къуажэм кІуащ:

- Хъарбыз пхъэнкІийкІэ сохъуэж, жылэ махуэ хъун, хъарбыз пхъэнкІийкІэ сохъуэж, - жиІэурэ кІийуэ.

ЛІыжь «делэм» къуажэм хъыджэбзу дэсым пхъэнкІийр уэсу къыхурагъэсащ.

Хэт матэкІэ къехь, хэт пэгункІэ, хэти хьэнцэм тезу къыхуегъэс. Ауэрэ зы хъыджэбз и ІэмыщІэм пхъэнкІий тІэкІунитІэ фІэкІа имылъу къыхуэкІуащ лІыжьым:

- КхъыІэ, мыбы пэкІуэ зы хъарбыз цІыкІу къызэт. ПхъэнкІийкІэ хъарбыз яхъуэжыну си мыгугъэу жьыуэ псори зэщІэспхъанкІэри пхъэнкІийри издзыжат, мы тІэкІур гуэщ плІанэпэм къыкъуэспхъэнкІыкІыжауэ аращ, - жиІэри.

ЛІыр зыхуейр арати, и выгур хъыджэбзым я пщІантІэм дигъэхьэри, абы щиунэщІащ. Куэд димыгъэкІыуи хъыджэбзым и адэанэм я деж лъыхъуахэр игъэкІуащ, «дывгъэблагъэтэмэ» жиІэри.

**МАФІЭДЗ Сэрэбий.**

# Мылри егъэткІури, мафІэри егъэупщІыІу

✦**Анэр арэзы зыщІыфым Тхьэм и нэфІ къыщохуэ.**

✦**Анэр зыгъэгуфІэм гуфІэ лей хуэфащэщ.**

✦**Анэр пхуэпщафІэмэ, уи ныбэр изми, уемыдзакъэу къыумыгъанэ.**

✦**Быным хэлъ мыхъумыщІагъэр анэм и нэм зэрилъагъур гъэмэщІауэщ.**

✦**Удахэкъым зыжепІа цІыхубзым зыщыхъумэ.**

✦**Анэм и лъагъуныгъэм мылри егъэткІури, мафІэри егъэупщІыІу.**

✦**Унагъуэм илъ насыпыр щхьэгъусэхэм зэдахъумэмэ, кІыхь мэхъу.**

✦**Унэгуащэ хахуэм мащІэри куэд ещІыф, хуэмыхум куэдри мащІэ ІэщІохъуэ.**

✦**УпІащІэу унафэ къыумыщтэ, упІащІэу псэуэгъу къыхыумых, къэпщта унафэр гъэзащІэ, хэпха псэуэгъур Іыгъыф.**

✦**Хьэрычэт зыхэлъ фызым и унагъуэр берычэт щыщІэркъым.**

✦**ЦІыхубз дахэм къуаншагъэ куэд хуогъу.**

✦**ЦІыхубзыфІ псэуэгъу къыпхуэхъумэ, уи гъащІэр дахэу епхьэкІынщ, мыхъумыщІэ пэшэгъу пщІымэ, бэлыхь ухэмыкІыу дунейр пхьынщ.**

✦**Щхьэгъусэ нэгъэсам цІыхухъу лІыгъэншэри гушхуэ ещІыф.**

ГУБЭЩІЫКІ Владимир.

# Псалъэзэблэдз



***ЕкІуэкІыу:*** **1**. ХакІуитІ абы щІэзэгъэнукъым. **2**. Хэтхэ я унэ ... тес? **4**. ПшахъуэщІ. **8**. Адыгэ къуажэшхуэ. **9**. Ди унэр ... куэду зэтетщ. **11**. «ЩІыІу» псалъэр нэгъуэщІу зэрыжаІэ. **15**. Пхъэщхьэмыщхьэ гуащІэ плъыжь цІыкІу. **16**. Гъавэ, хьэжыгъэ хуэдэхэр зракІутэ. **18**. КІуащ БетІал и поэмэ. **20**. КъБР-м и Совет Нэхъыщхьэм и УнафэщІу, Урысей Федерацэм и Къэзыбж палатэм и япэ тхьэмадэу щыта. **21**. ДжэдыкІэм ... къыхех. **22**. Совет Союзым и ЛІыхъужь Иуан ... **23**. Хьэцэпэцэ.

***Къехыу:*** **1**. Ди щІыпІэм щыІэ псыежэх. **3**. ДыщэхэкІ лъапІэхэм зэреджэ, къызэщІэзыкъуэ псалъэ. **5**. Лъахъстэн вакъэ пІащІэ. **6**. Дунейпсо олимп зэхьэзэхуэхэм дыщэ медаль къыщызыхьа, ди республикэм щыщ адыгэ пелуан. **7**. ... и губжьыр кхъуэм щехьэ. **10**. Адыгэм лъэныкъуэ куэдкІэ тпэгъунэгъу, Къэрэшей-Шэрджэсым щыщ лъэпкъ. **12**. МэкъумэшыщІэ, Социалист Лэжьыгъэм и ЛІыхъужь ... Хьэлий. **13**. ХадэхэкІ. **14**. Гуэгушыхъум, къазыхъум я бгъэм тет пшэрыпІэ. **16**. Джэдкъазхэм ятет цы щабэ. **17**. Языныкъуэ пхъэщхьэмыщхьэхэм я кум илъщ. 18. ... мыкъу уврэ, ... къуа зигъэщхърэ? **19**. Тхьэв зэраху пхъэ яе.

*Зэхэзылъхьар*
**МЫЗ Ахьмэдщ.**

***Мазаем и 26-м ди газетым тета псалъэзэблэдзым и жэуапхэр:***

***ЕкІуэкІыу:*** **1**. Сагъындакъ. **5**. Шыпхъу. **6**. Хъуп. **8**. Щэ. **9**. Къанокъуэ. **10**. Накъырэ. **11**. КІэ. **12**. Тхъу. **14**. ГущыкІ. **16**. Тхьэщыгъуей.

***Къехыу:*** **1**. Сытхъу. **2**. Гъэш. **3**. Дэхъу. **4**. Къарэ. **7**. Пкъынэ. **8**. Щэбэт. **11**. КІэщт. **13**. Хъурей. **14**. Гугъэ. **15**. КІэгъу.

# Дызэрыгушхуэ Ласицкене




**Дэтхэнэ спортсменми и хъуэпсапІэ нэхъыщхьэ олимп чемпионыгъэр нэгъабэ къехъулІащ дуней псом тхуэнейрэ и чемпион (тІур щхьэ зытелъ стадионхэм къыщихьащ), Европэм щэнейрэ щытекІуа, Континентхэм я кубокыр тІэунейрэ зыІэрыхьа, Ныбжьыщ1эхэм я Гъэмахуэ Олимп джэгухэм и дыщэ медалыр къэзыхьа, «Налкъутналмэс лигэм» щэнейрэ щынэхъыфІа, нэгъуэщІ лъагапІэ куэдри къызэхъулІа спортымкІэ щІыхь зиІэ и мастер Ласицкене (Кучинэ) Марие.**

НЭГЪАБЭ Токио щекІуэкІа Олимп джэгухэр иухыным зы махуэ фІэкІа имыІэжу къэхъуащ Къэбэрдей-Балъкъэрым и мызакъуэу, зэрыкъэралу зыпэплъа дэрэжэгъуэр. Лъагэу дэлъеиныкІэ цІыхубзхэм я зэпеуэм хэтыну утыку къихьащ ди щІыналъэм къыщалъхуауэ а спорт лІэужьыгъуэм Прохладнэм (КъалэкІыхьым) зыщезыгъэса Ласицкене Марие.

Ди лъахэгъур абы фІы дыдэу зэрыхуэхьэзырыр зэхьэзэхуэм щІадзэри занщІэу наІуэ хъуащ. ЛъагапІэхэр Марие къищтэрт япэ бгъэдыхьэгъуэкІэ. Адрейхэр тІэу-щэ еІалІэрт. ЛъагапІэр метри 2-рэ сантиметри 2-м щытрагъэувам наІуэ дыдэт дыщэр Ласицкене зэрыІэщІэмыкІынур. Зэрихабзэу, ар абы къищташ япэ бгъэдыхьэгъуэм. Австралием щыщ Макдермотт Николэрэ Украинэм икІа Могучих Ярославэрэ етІуанэ-ещанэ Іэмалхэр къагъэсэбэпащ. АдэкІэ метри 2-рэ сантиметри 4-р къапэплъэрт.

Марие зричри, зиІэтащ. И Іэпкълъэпкъыр лъагапІэм щхьэпрыкІауэ къыщехуэхыжым, лъэдакъэр мащІэу жьэхэуэри, зэпрылъыпІэр къриудыхащ. И хьэрхуэрэгъухэм ари яхузэфІэкІакъым. ЕтІуанэ бгъэдыхьэгъуэм Ласицкене и дыщэ медалыр щІигъэбыдэжащ. КъыпфІэщІынут ар нэхъ лъагэжми елъэфыну. АрщхьэкІэ Макдермотти Могучихи зэхьэзэхуэм хэкІати, и закъуэт къэнэжар. Рекорд гъэувыныр адрей зэпеуэ инхэм къахуигъэнащ.

Олимп чемпион зэрыхъуам теухуа хъыбарым Ласицкене Марие гуфІэгъуэ нэпскІэ ІущІащ. Ар абы гугъуу икІи кІыхьу хуэкІуат. Олимп джэгухэм зэрыхэтынур къыщищІа 2021 гъэм и пэщІэдзэм фэбжь игъуэтри, хуабжьу дигъэгузэват. АрщхьэкІэ и тренер гъуэзэджэ Габрилян Геннадий и фІыгъэкІэ зэхьэзэхуэм и къару псомкІи хузэщІэгъэрыуІуауэ ирихьэлІащ. Олимп чемпионыгъэр абы къриkІуащ, псори дрипагэрэ дригушхуэу.

Урысей Федерацэм спортымкІэ щІыхь зиІэ и мастер, «Хэкум и пащхьэм щиІэ фІыщІэхэм папщІэ» медалым и етІуанэ нагъыщэр, «Дзэм къыщигъэлъэгъуа хахуагъэм папщІэ» медалыр, УФ-м и Президентым и фІыщІэр зыхуагъэфэща, Къэбэрдей-Балъкъэрым физическэ щэнхабзэмрэ спортымкІэ щІыхь зиІэ и лэжьакІуэ Ласицкене Марие къыщалъхуа, япэ ехъулІэныгъэхэр щызэригъэгъуэта республикэр зэи зыщигъэгъупщэркъым. Зэхьэзэхуэ зэхуаку лъэхъэнэхэм ар ди щІыналъэм къопІэщІэж, и Іыхьлыхэр, ныбжьэгъухэр, гъунэгъухэр, къыдэщІхэр зэригъэлъагъуну, и дэрэжэгъуэхэмкІэ абыхэм ядэгуэшэну. Инстаграмым щиІэ напэкІуэцІым Токио щызыІэригъэхьа ехъулІэныгъэ иным иужькІэ ди лъахэгъым къриtхащ: «ФІыщІэ мыухыж яхузощІ си тренер Габрилян Геннадий, си щхьэгъусэ Владас, Прохладнэ дэт спорт школым, Къэбэрдей-Балъкъэрым, ЦСКА-м, Мэзкуу областым, адрей куэдми сыт щыгъуи зыкъызэрысщІагъэкъуам папщІэ. Ахэр щымыІамэ, зыри къызэхъулІэнутэкъым».

**ХЬЭТАУ Ислъам.**

---



# Иджырей матэ зи ІэрыкІ

МАХЪСИДЭ (Гуанэ) Аидэ ХьэпцІей къуажэм къыщыхъуащ. Къэбэрдей-Балъкъэр мэкъумэш академием экономисту щеджащ. Ар щолажьэ республикэм и щІэныгъэ къэхутакІуэ институтым и щІэныгъэ архивым. Аидэ зытедгъэпсэлъыхьар матэ щІыным зэрыдихьэхырщ. Тхылъымпіэ ІувкІэ быдэу зэхэІуэнтІа чы ІэрыщІым куэд къыхещІыкІ: я инагъкІэ куэду зэщхьэщыкІ матэхэр, унэр зэрагъэдахэ хьэпшып цІыкІухэр, къэлътмакъхэр, хьэкъущыкъухэр, уеблэмэ бзухэм я шхапІэ-унэ цІыкІухэр.

Аидэ жеІэ бзылъхугъэм и псэм фІэфІ Іуэху гуэр ищІэу зригъэсэныр сэбэпу. Езым гукъыдэж кърет матэхэм елэжьыным, къигупсыс хьэпшыпхэм епэщэщыным. Матэ зэрыхъэным теухуауэ жеІэ:

- Матэр чым къыхащІыкІ хабзэщ. Ауэ сэ си матэхэр тхылъымпІэ шыхьам къыохкІ. Къалэ унэм чы щызепхъэфынутэкъыми, сэ а Іэмалым сыхуэкІуащ. ТхылъымпІэр быдэу зэхаІуантІэри чы цІыкІуу яху. Абы къыхэсщІыкІ матэхэр куэдрэ зокІуэ, быдагъкІи дагъуэ яІэкъым. ПсыкІэ зэхэщІа лэчкІэ согъэлыдыж. И гъэкъэбзэнри гугъукъым: щэкІ щабэкІэ зэпыплъэщІыхьын хуейуэ аращ. ЩэкІыр псыф пщІыми ягъэ кІыркъым.

Матэ хуным зрипщытын ипэ Аидэ нэхъыжьхэм ечэнджэщащ, щІэныгъэ лэжьыгъэхэм еджащ. Интернетым абы хуэзыгъэсэу илъ видеохэр куэду сэбэп къыхуэхъуащ. И нэхъыжьхэм зыгуэркІэ япещІэж и ІэпэІэсагъым:

- Арджэн щІынымрэ бжыхь хунымрэ я лІэужьыгъуэщ матэ щІыныр. СыщІэупщІэурэ, си ІэщІагъэм епха фІэщыгъэ зыбжани къэсщІащ. Псалъэм папщІэ, чыр зэтшэкІым бжэгъулъэкІэ йоджэ. ЗэрыхъэкІэр лІэужьыгъуэу зэщхьэщокІхэр: бзээр щІыкІэ - арджэным нэхъ къыщагъэсэбэп зэхэухуэнэкІэщ, бжьэпэтехуэ - зэрызэхуащІыж сатырщ, лъапэрисэ - хъару зэрызэхуащІыж сатырщ, теухуэныкІэ - и бгъумкІэ ухуэнауэ крикІуэ сатырщ.

И адэшхуэ-анэшхуэхэр зыхуэІэзэу щытахэри игу къегъэкІыж. ЗэрыжиІэмкІэ, дэзыхьэх ІэпэІэсагъэми блэкІам ижь къыщІихуащ, япэ итахэм япещІэж.

- Нэхъапэхэм адыгэ унагъуэхэм щащІырт, къыщагъэсэбэпырт чы матэхэр. Си адэшхуэ Динислъам колхозым и лэжьакІуэу щытащ матэ хунымкІэ. Бжьыхьэм деж колхоз губгъуэм кърах нартыхур зралъхьэ чы матэшхуэхэр зыщІхэм яхэтт.

Си анэшхуэ Къарэлхъан дыщэидэм хуэІэзэт, щІакІуэ ищІырт, фащэ идырт. Си нанэ Таужан езым и ІэкІэ ищІауэ щыта шылэхъарыр сэ зызохьэ. Ди нэхъыжьхэр куэдым хуэІэкІуэлъакІуэу щытащ. СфІэфІщ пасэм дыпызыщІэ гуэр злэжьыну - матэ хуным аращ сыщІыдихьэхыр,- жеІэ Аидэ.

**ГУГЪУЭТ Заремэ.**

---

БИЦУ Анатолэ

## Анэ

**Зэгуэр уи анэм и джэ макъ зэхэпхмэ,**
**Ухэтми дэпым -**
**Уэ зэщІэувыІыкІ.**
**Зэгуэр уи анэм и джэ макъ зэхэпхмэ,**
**Ажалу щытми къожьэр -**
**КъызэплъэкІ.**

**Зэгуэр уи анэм и джэ макъ зэхэпхмэ,**
**Сэр ныкъуэкъуихмэ сампІэм -**
**Ар илъхьэж.**
**Зэгуэр уи анэм и джэ макъ зэхэпхмэ,**
**Шэ бутІыпщам -**
**ЛъэщІыхьи къегъэзэгъэзэж...**

**МафІэс, къурш лъалъэ,**
**Дунейр зыхьыж псыдзэ... -**
**ЩымыІэ, сянэ, сэ сызыубыдын,**
**Щызэхэсхам къыбжьэдэкІауэ си цІэ.**
**Ар схулъэкІынщ сэ,**
**Сэ - уэ сурибынщ!**

**Ауэ сыныщожалІэм щтэІэщтаблэу,**
**Дапщэщи хуэдэу,**
**КъызжеІэ къудей:**
**«Сигу укъэкІауэ арат тІэкІу, си щІалэ...» -**
**ГуфІэгъуэм си псэр хэткІухьынщ абдей.**

**Семыжьэ Іей. Ди Тхьэшхуэм имыухкІэ**
**Къэхъуну яужь дыдэу сыщебджэж!**
**ИтІани быдэу зызогъэІущыж:**
**Зэгуэр уи анэм и джэ макъ зэхэпхмэ -**
**И пащхьэм, псынщІэу нэси,**
**Сыну щыж!**

АЦКЪАН Руслан

* * *

**Хэт щыІэр къыдэупщІу дызыхуеймкІэ,**
**дыкъэзылъхуа ди анэ закъуэм фІэкІ.**
**Абы тфІэфІ псори зэкІэ хузэфІэкІкъым,**
**а гуныкъуэгъуэр псэкІэ кърехьэкІ.**
**ЙопщІыхьыр жэщкІэ дянэр къытпэщылъым,**
**блэкІам щыщ Іэджэ игукІэ егъэвыж.**
**Дэ, и шхын ІэфІым дыхэІэбэу щытмэ,**
**хуэтщІауэ Іуэхутхьэбзэшхуэ къытщохуж.**

**Дэ дыщиувэр, диувэхэнум,**
**лІыпІэ ди анэ закъуэр тІэщІэкІа нэужьщ.**
**ПаупщІа бынжэр ильэс Іэджэ ипэ,**
**КъриІуэнтІыкІыу, мис абдеж мэуэ.**

**Жьэгу мафІэм хуэдэщ анэ лъагъуныгъэр.**
**ЩІыІэм ущисым дежщ ар къыщыплъыхъуэр.**

МЫКЪУЭЖЬ Анатолэ

* * *

**Егъэлеяуэ мы щІылъэм**
**ФІыуэ цІыхуитІ щыслъэгъуащ,**
**А тІуми**
**Сахуэмыныкъуэу,**
**А тІуми**
**Сахуэмысакъыу**
**Сыщыпсэуа къэмыхъуа.**

**Сэ гуауэм сигу щыхигъэщІым**
**СыздэкІуэр**
**Ахэм я дежщ.**
**Си щхьэр иралъхьэм**
**Я куэщІым,**
**Я Іэр къыздалъэм -**
**Сохъуж...**

**Зыр -**
**Си анэ дыщэ гумащІэрщ,**
**ФІыуэ слъагъу пщащэрщ**
**Адрейр,**
**ТІуми яхуэсщІэр**
**СфІэмащІэщ:**
**Зым къызитащ сэ си гъащІэр,**
**Хуитщ къыпищэну**
**Адрейм...**

---

Редактор нэхъыщхьэ ЖЫЛАСЭ Заурбэч

ДИ ХЭЩІАПІЭР
360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Лениным и цІэр зезыхьэ уэрам, 5, ебгъуанэ - епщІанэ къатхэр.

«Издательство «Южный регион» ООО-м щытрадзащ. 357600, Ставрополь край, ЕсэнтІыгу къалэ, Никольскэ уэрам, 5-А

Номерыр «Адыгэ псалъэм» и компьютер ІэнатІэм щагъэхьэзыращ. Газетым Іэ щытрадзар сыхьэт 18.00-рщ.

Индексыр П 5894
Тираж 2.106
Заказ №429